

Sondaj sou Lang Lakay nan Georgia

Non elèv: _____

pwofesè : _____

Avi pou Paran ak Gadyen:

Li obligatwa pou Sistèm lekòl Georgia yo¹ kolekte repons ou yo² sou kesyon lang ou pi pito pou kominikasyon ak lekòl la ak lang prensipal oswa lang lakay pitit ou a. Yo itilize enfòmasyon ki soti nan premye kesyon an pou gade si ou gen bezwen yon entèprèt oswa pou dokiman yo tradui. Enfòmasyon ki soti nan twa kesyon *Sondaj sou Lang Lakay* ak enfòmasyon adisyonèl lang yo, ede nou detèmine si nou ta dwe evalye nivo metriz lang anglè pitit ou a. Pwosesis evalyasyon an pral idantifye si pitit ou a kalifye pou estati elèv k ap aprann anglè ak sèvis nan pwogram edikasyon ansèyman lang nou an.

Objektif Kesyon yo	Kesyon pou Paran/Gadyen yo epi Repons yo
Preferans kominikasyon Kesyon sa a ede lekòl la ba ou yon entèprèt oswa dokiman ki tradui gratis, si ou ta vle yo. Kesyon sa a se pou enfòmasyon sèlman. Yo pa sèvi ak li pou idantifye pitit ou a pou teste metriz lang anglè.	Lang kominikasyon paran (Obligatwa) Nan ki lang ou ta pi pito resevwa kominikasyon lekòl la? _____

Idantifikasyon Moun ki Ka ap Aprann Anglè	Sondaj sou Lang Lakay ou (Obligatwa)
Twa kesyon sa yo ede lekòl yo idantifye si pitit ou a ta dwe teste pou kalifikasyon pou patisipe nan pwogram edikasyon ansèyman lang yo a. Lè repons pou nenpòt nan kesyon sa yo se yon lang ki pa anglè, lekòl yo ka oblije tcheke nivo metriz pitit ou a nan lang anglè. Si ou reponn ak plis pase yon lang, lekòl la ap bezwen plis enfòmasyon nan men ou anvan li pran desizyon sa a.	- Ki lang pitit ou a konprann ak pale <u>pi byen</u>? _____ - Ki lang pitit ou a pale <u>pi</u> souvan lakay li? _____ - Ki lang granmoun lakay ou itilize <u>pi</u> souvan lè y ap pale ak pitit ou a? _____

Enfòmasyon Anplis sou Fanmi ki pale Plizyè lang	Enfòmasyon Anplis sou Fanmi ki pale Plizyè lang yo. Chwazi <u>yon sèl fraz</u> ki dekri pi byen lang prensipal pitit ou a.
Si ou te endike ke pitit ou a ak lòt granmoun nan kay la konprann epi sèvi ak anglè epi yon lòt lang oswa plizyè, lekòl yo pral mande pou ou bay plis enfòmasyon pou yo ka deside si pitit ou a ta dwe fè teste pou metriz anglè li. Si ou reponn ke pitit ou a konprann epi sèvi ak anglè plis pase lòt lang ki pale nan kay la, oswa ke pitit ou a konprann epi sèvi ak ni anglè ni lòt lang ki pale nan kay la menm fason, lekòl la p ap evalye pitit ou a pou metriz nan lang anglè.	☐ Pitit mwen konprann epi itilize sèlman lang kay la epi okenn anglè. ☐ Pitit mwen konprann epi itilize sitou lang kay la ak yon ti kras anglè. ☐ Pitit mwen konprann epi itilize lang kay la ak anglè menm fason. ☐ Pitit mwen konprann epi itilize sitou anglè ak sèlman yon ti kras nan lang kay la. ☐ Pitit mwen konprann epi itilize sèlman anglè.

Siyati paran na: _____

Dat: _____

¹ [Depatman Jistis Etazini, Divizyon Dwa Sivil, ak Depatman Edikasyon Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, 7 Janvyè 2015, Lèt Chè Kolèg: Elèv k ap Aprann Anglè ak Paran ki Limite nan metriz Anglè, p. 10.](#)

²Yo ta dwe bay moun ki enskri pou premye fwa yo nan lekòl piblik Etazini yo Sondaj sou Lang Lakay la.